*Қарақалпақстан Республикасы*

*Мәлимлеме – китапхана орайы*



**«Тәбият куйшиси »**

**Байнияз Қайыпназаровтың биобиблиографиясы**

*Нөкис - 2018 жыл*

## *Кирисиў*

***Сен жайқалып өссең, мен де өсемен,***
***Сен, пәт берсең мен жел болып есемен,***
***Сен арқалы журт көзине түсемен,***
***Сен байтерек, мен сениң бир шақаңман…***

Қарақалпақстан халық шайыры Байнияз Қайыпназаров поэзия майданында алпыс жылдан аслам қәлем тербеткен шайыр. Оның қосықларындағы нәзик сезим, жоқары адамгершилик, туўылған жерге, халыққа, Ўатанға болған меҳир- муҳаббат шайырлықтың шебер үлгилери менен жырланады. Шайыр гөззаллық пенен бәлентликлерди мудамы алыслардан көреди, адамларды, олардың дөретиўшилик мийнетлерин тебиренип тәрийплейди. Жаслайынан турмыс қыйыншылықларын көп көрген ҳәм 1941-1945 жыллардағы урыс қатнасыўшысы болған халық шайыры дәслепки жыллары шайырдың дөретилген «Мийнетти сүй» (1944) , «Мийнет ет» (1948),қосықларында мийнет темасының ең шебер үлгилери сәўлеленди десек қателеспеймиз. Оның дидактикалық қосық қатарлары радио, телевидениеден атақлы, хошҳаўаз бақсыларымыз тәрепинен атқарылған сайын, тыңлаған адамның қулағының қурышын қандырып, айырықша заўық бағышлайтуғыны сөзсиз. Шайырдың туўған жерди, ананы, жаслық мухаббатты жырлайтуғын «Шымбайым», «Мен сениң бир шақаңман», «Баҳадырлар ерлиги», «Ана», «Келши, жаным күлимлеп», «Гүлнара», «Бир гүл көриндиде кетти» деген лирикалық қосықларына талантлы композиторларымыз тәрепинен жағымлы намалар жазылып, белгили қосықшыларымыз тәрепинен шебер атқарылып жүр. Байнияз Қайыпназаров топламларында гөззал турмысымызға, адамлардың

қаҳарманлық мийнетлерине терең сүйиўшилик сезимлерин билдиреди. Сондай- ақ топламда туўылған үлкемиздиң сулыў пейзажы, аўыл мийнеткешлери, олардың қаҳарманлық өмири йошлы сүўретленеди.Қарақалпақстан халық шайыры Байнияз Қайыпназаровтың таңламалы шығармаларының бир томлығына оның көп жыллық лирикалық қосықлары менен поэмалары кирди. Поэмалар “Палўанбек”, “Бозжап бойында”, “Бир колхозда” ҳәм “Қос қарлығаш” деп аталады. “Палўанбек” поэмасы Уллы Ўатандарлық урыс турмысы менен бир қатарда сол жыллардағы аўыл хожалық мийнеткешлериниң турмысын көркем сүўретлейди. Шайырдың басқа поэмалары тийкарынан аўыл хожалығының пахташылық тараўын жақсы сүўретлейди. Шайырдың лирикалық қосықлары көп түрли темаларда сулыў ҳәм тәсирли жазылған. Сондай-ақ жайнаған өмирдиң гөззаллығын «гүл» тымсалында жырлаған Байнияз Қайыпназаровтың дөретиўшилиги бойынша шайырдың заманласлары ҳәм қәлемлеслери Жолмурза Аймурзаевтың, Ғалым Сейтназаровтың, Тәжетдин Сейтжановтың айырым қысқа пикирлери менен таныспыз. Белгили әдебият изертлеўшилери Сражатдин Ахметов, Камал Мәмбетовлардың айырым поэзияға арналған изертлеўлеринде ямаса мектеп сабақлықларына кирген мийнетлеринде азы кем тоқтап өтилген. Биз буннан халық шайырының жетилискенлиги менен кемшилиги бугинги күнниң көз қарасынан өз изертлеўшилерин күтип отырғанлығын аңлаймыз. Өмир бойы гүллерге қумартып жасаған халық шайырының кеўилге қонымлы қатарлары әдебият шайдалары менен әдебият изертлеўшилерине де руўхый азық болатуғыны сөзсиз. Бул қолланбадан өзлериңизге керекли мағлыўматларды аласыз деген үмиттемиз.

## Байнияз Қайыпназаровтың
## өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети

Қарақалпақ поэзиясының ири тулғаларының бири Байнияз Қайыпназаров 1916-жылы 25- августа Шымбай районының шығысындағы «Саңмурын» аўылында дүньяға келди. Ол балалық күнлеринен баслап түрли қыйыншылықларды басынан кеширеди. Жаңа 10 жасына келгенде ол ата-анасынан айырылады. Кейин ол ағайынларының қолында тәрбияланады. 1932-жылы Шымбайдағы дийқан-жаслар мектебине оқыўға киреди.Оны питкергеннен кейин 1935-жылы Төрткул қаласындағы муғаллимлер таярлаў институтына кирип институты 1939-жылы питкерип өзи оқыған мектебинде муғаллим болып ислейди. 1941- жылы Уллы Ўатандарлық урыстың басланыўы менен фронтқа атланады. Саўаш майданында, халқымыз басына тускен қанлы қырғынның ишинде жүрип, аўыр ақыбетлерин өз көзи менен көрген шайыр кеўил туйғыларына ләрзем берген ҳәдийслерди «Көк емен» поэмасында ҳәм басқада қосықларында шебер сәўлелендирди. Байнияз Қайыпназаров фронттан қайытқаннан кейин муғаллимшилик жумысын даўам етти.(1944-1946) жылларда Жазыўшылар аўқамында кеңесши, (1946-1947) жылларда радиоеситтириў комитетинде, (1947-1951) жылларда мәмлекет баспада редактор болып иследи.Ол (1951-1956) жылларда Москвадағы М. Горький атындағы әдебият институтында оқыды.Усы институты питкергеннен соң 1956-1958 жылларда «Әмиўдәрья» журналының бас редакторы лаўазымында исследи. Буннан кейин және де Жазыўшылар аўқамында, «Әмиўдәрья» журналында,Қарақалпақстан баспасында бир қанша жыллар

мийнет етти.1939- жылдан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.Байнияз Қайыпназаровтың «Халыққа хызмет қыламан»(1947), «Қуўаныш қосықлар» (1950), «Алтын гүл» (1959), «Бозжап бойында» (1955), «Көк емен» (1956), «Қызыл гүл» (1958), «Сүй достым» (1962), «Мениң бахтым» (1968), «Еки аяз» (1970), «Нәрўан» (1972), «Гүлдәсте» (1981), «Мен сениң бир шақаңман» (1977), усы топламлары баспадан шығарылып халқымыздың кеўлинен тереӊ орын алды. Байнияз Кайыпназаровтың ҳәр бир қосығының өзине тән тарийхы бар. Ол бәрҳә мийнет адамларының арасында болады. Олардың дөретиўшилик хызметин өз көзи менен көреди, сөйлеседи. Мысалы шайырдың Бухара-газ трассасын бойлап өткен саяхатлары, Үстиртен гах ҳәм нефть кәнин ашыўшылар ҳаққында, темиржол ҳаққында лирикалық қосықлар дүркинин жазды. «Бухара гүли», «Газ атлаған», «Төрт тут», «Бухарада биринши май»,т. б. қосықларын айытсақ болады. Ол қайда барсада мийнет қаҳарманларын, мийнет алдыңғыларын жырлайды.1981 жылы Байнияз Қайыпназаровтың таңламалы шығармалары, 1985 жылы поэмалар жыйнағы баспадан шығарылды. Шайырдың қосықларында өмир гөззаллығы, адам жанының сулыўлығы бир-биреўге сыйласық, жаслық жүреклердеги йош урып турған ышқы сезимлери сәўлеленген. Ол гүл ҳаққында қосық  жазғанда көз алдыңда бирдей адам, гөззал қызларыңыз турады.Қайда ол сулыўлық көрсе, оны гүлге мегзетеди. Оны «Гүлмисеӊ» қосығында толық көриўге болады. Сондай ақ ол аўдармалар менен де шуғылланады. Байнияз Қайыпназаров биринши дәрежели «Ўатандарлық урыс» ордени менен ҳәм медаллар, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесиниң Ҳурмет  жарлықлары менен сыйлықланған.Қарақалпақ әдебиятының көрнекли қәлем ийелериниң бири, әдебиятымызды байытыўда тереӊ идеялы, көркемлиги күшли поэзиялық шығармалары менен улес қосқан шайыр. Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лаўреаты, Қарақалпақстан халық шайыры Байнияз Қайыпназаровтың жарқын келбети, өлмес шығармалары халқымыздың жүрегинде мәңги сақланып қалады.

Бәҳәр  келген сайын жайған жапырақ,

Күн нурында күлип турған жарқырағап,

Туў алыстан көзге түскен булдырап,

Сен бай терек,мен сениң бир шақаңман.

Сахрağа сән берип қаддин дүзеген,

Гөззал көрки Әмиў бойын безеген,

Уша басы әлхаўаны гөзлеген,

Сен бай терек, мен сениң бир шақаңман.

Сен жайқалып өссең, мен де өсемен,

Сен пәт берсең мен жел болып есемен,

Сен арқалы журт көзине түсемен,

Сен байтерек, мен сениң бир шақаңман.Шайыр жүреги жақсылық тәрепдары. Ол өзиниң тәбият берген әлпайым минезиндей қосықлары да әпиўайы, оқыўға жеңил болып келеди. Оның қосықлары халыққа, елге, адамларға болған жақсы тилеклери менен толы.Байнияз Қайыпназаров 2001 жылы қайтыс болды. ХХ әсир қарақалпақ поэзиясында талантлы лирик шайыр сыпатында кеңнен танылған сөз шеберлериниң бири болып бизлердиң ядымызда сақланып қалады.

## *Байнияз Қайыпназаровтың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети дәўириндеги тийкарғы сәнелер*

1916-жылы Шымбай районының шығысындағы «Саңмурын» аўылында дүньяға келди.

1932- жылы Шымбайдағы дийқан-жаслар мектебине оқыўға киреди.

1939-жылы Төрткул қаласындағы муғаллимлер таярлаў институтына кирип институты питкерип өзи оқыған мектебинде муғаллим болып ислейди.

1941- жылы Уллы Ўатандарлық урыстың басланыўы менен фронтқа атланады

(1944-1946) жылларда Жазыўшылар аўқамында кеңесши

(1946-1947) жылларда радиоеситтириў комитетинде редактор

(1947-1951) жылларда «Қарақалпақ»мәмлекет баспада редактор болып иследи

(1951-1956) жылларда Москвадағы М. Горький атындағы әдебият институтында оқыды

1956-1958 жылларда «Әмиўдәрья» журналының бас редакторы лаўазымында иследи.

1958-1963 жыллар жазыўшылар аўкамының мәслахатшы лаўазымында иследи.

1964-1967 жыллары «Әмударья» журналының бөлим баслығы лаўазымында

1967-1987жыллары «Қарақалпақ» баспасөзде аға редактор.

## *Байнияз Қайыпназаровтың атақ сыйлықлары*

1939-жылдан жазыўшылар аўкамының ағзасы.

1974 -жылы Қарақалпақ халык шайыры атағын.

1982- жылы Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Жоқарғы Кеңесиниң Ҳурмет қарлықлары менен сыйлықланған.

1984 - жылы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лаўреаты.

## *Байнияз Қайыпназаровтың шығармалары қарақалпақ тилинде*

1944

1. Суў: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1944.- 19 май.

2.Туўылған елге сәлем: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1944.- 27 февр.

1947

3. Халыққа хызмет қыламан: (қосықлар ),-Нөкис:«Қарақалпақ Мәмлекет баспасы», 1947.-40 б.

1950

4. Алтын гүз: (қосықлар топламы),-Нөкис:«Қарақалпақ Мәмлекет баспасы», 1950.-139 б.

1952

5. Еки  қосық: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1952.- 27 июль.

6.Бөлер даңққа: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1952.- 7 сент.

7.Көз айдын: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1952.- 15 июль.

8. Мийнет қаҳарманы: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1952.- 22 февр.

9.Нуртай: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1952.- 3 авг.

10.Тахиаташ: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1952.- 8 февр.

1953

11. Баҳарь: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1953.- 19 апр.

1954

12.Миннетдармыз: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1954.- 28 февр

1955

13.Жумысқа келди қызлар: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1955.- 29 апр.

14.Мийнет етсең: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1955.- 30 янв.

15.Хаттан излеме: [қосық] // Қзыл Қарақалпақстан.-1955.- 11дек.

1956

16. Көк емен :(қосықлар),- Нөкис: «Қарақалпақ мәмлекет баспасы», 1956.-62 б.

1959

17. Маңғыт совғозы: [қосық] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1959. – 11 сент.

1962

18. Суй достым: (қосықлар),- Нөкис: «Қарақалпақ мәмлекет баспасы», 1962.-68 б.

1966

19. Мениң бахытым : (қосықлар),- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1966.-124 б.

1968

20. Газетам: (Сов. Қарақалпақстанының он мыңыншы санына), [қосық] // Сов. Қарақалпақстан. - 1968. – 8 авг.

21. Мениң Ўатаным: (қосықлар),- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968.-15 б.

1972

22. Нәрўан: (қосықлар,поэмалар ),- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1972.-222 б.

23.Сыйласықтың сыры; Қарағайлар; Тыныш тунде; Гүл: [қосықлар] // Әмиўдәрья. - 1972. -№ 9.- Б.3-5.

1974

24. Гүлдәсте: (қосықлар топламы),- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1974.-116 б.

25. Ержан көк: (қосықлар,поэмалар ),- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1974.-110 б.

1976

26. Йошып өтермен: [қосық] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1976. – 8 апр.

27. Йошып өтермен; Жай адам; Гүллер менен күт; Сақлап келипти; Баҳадырлар ерлиги; Келешекке жалғасып; Медсестра; Океанаға: // Әмиўдәрья. - 1976. – №8.-Б.98-102.

28. Мен сениң бир шақаңман: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1976. – №11.-Б.8.

1977

29. Бердаққа: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1977. – №12.-Б.31.

**30. Гул кусер;Әжинияз болып;Шашы сүмбил; Мәртлик майданнан; Кеўлиде барсаң: //** Әмиўдәрья. - 1977. – №8.-Б.4-5.

31. Мен сениң бир шақаңман: (таңламалы шығармалары),- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.-220 б.

1978

32. Баҳадыр ҳәм дана: [халық ертеги бойынша] // Әмиўдәрья. - 1978. – №10.-Б.94-97.

33. Кең далам; Қосық тоқырман: [қосықлар] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1978. – 12 июль.

1980

34. Қан тамған қайың: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1980. – №5.-Б.4.

1981

35. Таңламалы шығармалары: (бир томлық қосықлар**),** - Нөкис: «Қарақалпақстан», 1981.-228 б.

1982

36. Қосықлар: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1982. – №5.-Б.11-21.

37. Миннетдармыз: [қосык] // Әмиўдәрья. - 1982. – №8.-Б.13.

1985

38. Алпыс жылда: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1985. – №11.-Б.12-13.

39. Биз жеңимпаз: [қосык] // Әмиўдәрья. - 1985. – №5.-Б.21.

40. Бизиң Армия: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1985. – №2.-Б.3.

1986

41. Тойлап келер; Сары қум: [қосықлар] // Әмиўдәрья. - 1986. – №8.-Б.93-95.

42. Уллы Октябрь : [қосық] // Әмиўдәрья. - 1986. – №11.-Б.6-7.

1988

43. Жигит ўақтымда: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1988. – №5.-Б. 9.
44. Кел жаңа жыл: [қосық] // Әмиўдәрья. - 1988. – №1.-Б. 3.
45. Сол айтсын; Усылар; Усы күнлери: [қосықлар] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1988. – 20 янв .

46. Тезлетиўди гөзлейик: [қосық] // Қарақалпақстан. - 1988. – 23 июль.

1989

47. Мөлдир булақ: (қосықлар, балладалар ҳәм поэмалар),- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989.-108 б.

1992

48. Аяпберген ағла шайырсаң : [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 18 июль .

49. Нөкис ;Сейтов Ҳ.; Гулленип жайна Нөкисим!: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 1992. – 17 дек .

1993

**50.** Асан Бегимовқа; Наўрыз Жапаковқа; Турдымурат Нәжимовқа; (Илим докторы Кәримбай Қудайбергенов қазасына): [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 1993. – 27 март.

51. Ерлер шықса елимнен; Не қыялдасаң; Болып;Абадан; Салыкеш иним Жанызаққа; Бәлент дарақ: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 1993. – 11 дек.

**52.** Таңламалы шығармалары : (қосықлар, баллададалар ҳәм поэмалар),-

Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993.-196 б.

1994

53. Бүгин; Бул жерде; Жетип барамыз: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 1994. – 7 май.

54. Өз жанына; Мәрт болып кел; Өз алдына: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 1994. –27 авг.

55. Шад болар: [қосык] // Қарақалпақстан жаслары. - 1994. – 27 авг.

1995

56. Алтын жүзик: [поэма] // Әмиўдәрья. - 1995. – №10-12.-Б.36-37.

57. Дийдарыңды көргенде; Жарасар; Кел: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 1995. – 7 окт.

58. Жарлының кенже баласы: (ертеклер), Нөкис: «Қарақалпақстан», 1995.-40 б.

59. Келер: [қосык] // Еркин Қарақалпақстан. - 1995. – 28 янв .

60. Келип кетер; Ақлық қызым; Сол жерде күндей батасаң; Ғаррылық жас: [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 1995. – 11сент .

61. Таң гүли:(лирикалық қосықлар ҳәм поэмалар), -Нөкис: «Билим», 1995.-

85 б.

1996

62. Өткенлер туўралы сөз; Озып өт: [қосықлар] // Қарақалпақстан жаслары. - 1996. – 22 июнь.

63. Сөз бенен; Төрткулге; Қарақалпақстаным бар : [қосықлар] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. – 22 июнь .

1997

64. Пәнти бар; Ялғаншы артта қалып: [қосықлар] // Қарақалпақстан жаслары. - 1997. – 30 окт .

2000

65. Ана тилим; Бәҳәр белгилери; Тынышлықты тилеӊ инсанға; Шеберликтен жийреншедей шешенсеӊ: [қосықлар] // Әмиўдәрья. - 2000. – №10.-Б.36-37.

66. Ел ағасы; Ер жигитлер: [поэзия] // Еркин Қарақалпақстан . - 2000.- 14 окт.

67. Күн көргенниӊ күни артық; Неге көзи қыймайды: [сатиралық қосықлар] // Әмиўдәрья. - 2000. – №2.-Б.112.

2011

68. Мөлдир булақ: [қосық] // Еркин Қарақалпақстан. - 2011. – 26 март.

## *Байнияз Қайыпназаровтыӊ шығармалары өзбек тилинде*

1986

69. Бойнияз Қайыпназаров 70 ёшда: [Бу ҳикояда Бойнияз Қайыпназаровнинг ҳаёти ҳақида «Суйла тилим», «Армон билан яшайман» мавзусида шеърлари берилган]// Узбекистон адабиёти санъати.-1986.-22 авг.

70. Суйла тилим; Армон билан яшайман: [Қорақалпоқ тилига таржимо]// Узбекистон адабиёти санъати.-1986.-28 авг.

1989

71. Шеърият: (Қорақалпоқчадан Ахмедов М. тарж)// Гулистон.-1989.-№5.-Б.8.

## *Байнияз Қайыпназаровтың шығармалары рус тилинде*

1986

*72.* Соколиный полёт: (стихи, баллады, сказки). /Перевод с каракалп. А. Лашкевича.-Нукус: «Каракалпакстан», 1986.-202 с.

## *Байнияз Қайыпназаров ҳәм шығармалары ҳаққында*

1956

73. Хожаниязов О. «Көк емен»: [шайыр Байнияз Қайыпназаровтың «Көк емен» атлы қосықлар топламы ҳаққында] // Қзыл Қарақалпақстан.-1956.- 25 сент.

1959

74. Ниетуллаев С. «Қзыл гүл» топламы ҳаққында айырым пикирлер: [шайыр Байнияз Қайыпназаровтың усы атамадағы қосықлар топламы ҳаққында] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1959. – 21 июнь .

1976

75. Сейтжанов Т. Гүл ашығы-узтазым!: [Байнияз Кайыпназаров 60 жаста] // Әмиўдәрья. - 1976. – №8-12.-Б. 97.

76. Сейтназаров Е. Көрнекли шайыр: [Байнияз Кайыпназаров 60 жаста] // Сов. Қарақалпақстаны. - 1976. – 23 дек.

1986

77. Қожықбаев Ә. Тәбият ашығы: [Байнияз Кайыпназаров 70 жаста] // Әмиўдәрья. - 1986. – №8.-Б. 91-92.

1991

78. Дилмуратов Ж. Қыз кеўлинде қызыл гүл: [Байнияз Қайыпназаровтың туўылғанына 75 жыл толыўына] // Еркин Қарақалпақстан. - 1991. – 15 нояб.

79. Талантлы лирик шайыр Байнияз Қайыпназаров 75 жаста // Сов. Қарақалпақстаны.-1991.-24 сент.

1996

80. Дилмуратов Ж. Гүллер ашығы: [Байнияз Қайыпназаров 80 жаста] // Еркин Қарақалпақстан. - 1996. – 12 март.

81. Султанов О. Гүллерге ашық шайыр: [Байнияз Қайыпназаров 80 жаста] // Қарақалпақстан жаслары. - 1996. –22 авг.

1997

82. Қайыпназарова Н. Халық шайырына аўыз салған «шайыр»: [Фельетонды өзимиз жазамыз, Халық шайыры Байнияз Қайыпназаровтың қосықларын А. Балтамуратовтың урлап жазғаны ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 1997. – 3 июль.

83. Сейтов Х. Жаўынгер шайыр бахты: [Байнияз Қайыпназаров ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 1997. – 9 май.

1999

84. Сулайманов О. Кеўил ҳәм журектиң поэзиясы : [Байнияз Қайыпназаровтың шығармалары ҳаққында ] // Еркин Қарақалпақстан. - 1999. – 12 февр.

2001

85. Қайыпназаров Байнияз ҳаққында //Әмиўдәрья.-2001.-№1.-Б.51.

2002

86. Бекбергенов О. «Гүллерге қумартып жасаған шайыр»:[Байнияз Қайыпназаров ҳаққында] //Устаз жолы.-2002.-27 июнь.

2016

87. Бадахшанова С. Халық шайырына арналған кеше : [Шайыр Байнияз Қайыпназаровтың 100 жыллығы мүнәсебети менен Нөкис турмыс хызметин көрсетиў ҳәм экономика кәсип -өнер коллежинде ушырасыў кешеси болып өтти] //Еркин Қарақалпақстан .-2016.-1 март.

88. Рзаева Р. Мәңги булақлар: [Байнияз Қайыпназаров ҳәм оның дөретиўшилиги ҳаққында] // Қарақалпақ әдебияты.-2016.- июль.

**Дүзиўши:**

**Үлке таныў сектор баслығы: Ж. Тлеўбаева**